

# MUWSA JALIL HÁM T.JUMAMURATOV DÓRETIWSHILIGINDE ÁDEBIY TÁSIR MÁSELESI

**Doshmuratova Biybixanım Dawletbay qızı**
Qaraqalpaq mámleketlik úniversiteti Ádebiyattanıw
(qaraqalpaq ádebiyatı) 2-kurs magistrantı
https://doi.org/10.5281/zenodo.19218367

**ARTICLE INFO**

Qabul qilindi: 21-mart 2026 yil
Ma’qullandi: 23-mart 2026 yil
Nashr qilindi: 25-mart 2026 yil

**KEYWORDS**

*ádebiy baylanıs, dástúr, tatar ádebiyatı, qaraqalpaq ádebiyatı, motiv.*

**ABSTRACT**

*Bul maqalada tatar shayırı Muwsa Jalil hám qaraqalpaq shayırı T.Jumamuratov dóretiwshiligi bir biri menen salıstırıp úyreniledi. Bul eki xalıq shayırlarınıń dóretiwshiliginde watanǵa muhabbat, adamgershilik ideyaların sáwlelniwı bul xalıqlardıń ádebiyatı hám folklorı menen tıǵız baylanısta dóretilgeni úyreniledi..*

Belgili Daǵıstan shayırı R. Gamzatovtıń ádebiyat haqqında tómendegishe pikirleri bar.

“ Eger adamnan sen kimseń? – dep soralsa, ol guwalıǵın kórsetedi, al xalıqtan sen kimseń? – dep soralsa, xalıq hújjet sıpatında óz ádebiyatın, jazıwshı- shayırın, kompozitorların kórsetedi". Shınında da, búgingi dáwirde xalıq hám til dúnyada sol xalıqtıń kórkem sóz ustaları – jazıwshı hám shayırları arqalı tanıladı. Ádebiyat- xalıqtıń ruwxıy dúnyasın, onıń tariyxı hám táǵdirin sáwlelendirip beretuǵın kúshli qural. Túrli xalıqlar ádebiyatında watanǵa muhabbat, erkinlik hám adamgershilik ideyaların ullı dárejege kótergen shayırlar hám jazıwshıları bar. Sonday ullı shaxslar qatarında tatar ádebiyatınıń belgili shayırı Muwsa Jalil hám qaraqalpaq ádebiyatınıń belgili wákili T.Jumamuratov óz aldına belgili orın iyeleydi.

Muwsa Jalil hám T.Jumamuratovtı biriktiretin – ádebiyat hám olardıń shıǵarmaları. Bunda watanǵa degen shın muhabbat, xalıq táǵdirine jan ashıw hám ruwxıy gúres ideyasınıń basım bolıwıda. Eki shayır da sózdi qural etip, óz dáwiriniń awırlıq hám qıyınshılıqlarına qarsı turdı, xalıqtıń sanasına oy saldı. Olardıń hár bir terbetken qálem qatarlarında xalıqtıń taǵdiri sáwlelengen. T. Jumamuratov óz ómiri dawamında tatar eline bir neshe mártebe sayaxatqa baradı. Ol hár bir sayaxatı dawamında tatar eliniń mádeniyatı, úrp-ádetleri, ádebiyatı haqqında bir neshe maǵlıwmatlar jıynadı hám bul toplanǵan maǵlıwmatlar tiykarında shıǵarmalar dóretti. Tek ǵana qaraqalpaq jazıwshı-shayırları tatar eline barıp qoymastan, tatar elinen de úlkemizge kóplegen miymanlar keldi. Bul qaraqalpaq hám tatar ádebiyatı arasındaǵı ádebiy baylanıslardı hám ádebiy tásirlerdi rawajlandırıdı.

Tatar ádebiyatınıń belgili wákili Robert Minnullin Qaraqalpaqstanǵa baǵıshlanǵan "Qaraqalpaqstan áhánleri" qosıqlar toplamınıń avtorı bolsa, Tilewbergen Jumamuratov Qazan sayaxatında alǵan óz tásirlerin “Qazan qosıqları” toplamında mángilestirgenligin kóremiz – deydi shayır qızı M.Jumamuratova óz maqalasında.

Itibarımızdı, T.Jumamuratovtıń “Okean ortasında” (1969-1971) qosığına qaratsaq. Bunda shayır tábiyat apatına ushırap 49 kúnnen keyin aman qalǵan tórt batır haqqında aytadı. Ásirese, tatar balası Asqattıń mártligin bayanlap beredi.

Endi Asqat ishindegi tatarı,
Kishi serjant, shólkem sekretarı,
Komandanıń kapitanı bolsa da,
Jas bir gelki hámmesiniń qatarı.

Shıǵarma syujeti real waqıyalarǵa tiykarlanǵan. Shayırdıń itibarın Tınısh okeannıń keńligindegi barja hám tórt tenizshiniń ájayip túrde qutqarılıwı haqqındaǵı hikaya tarttı. Poema tórt bólimnen ibarat. Onıń xranatopına tek ǵana teńiz elementi emes, bálkim Rassiyanıń shetinde, Samara wálayatında jaylasqan Shentala temir jol stantciyası hám kiredi. [1 Жумамуратова М . Диалог каракалпакской и татарской кулътур в творчествепоетов Т.Жумамуратова и Р.Миннулина.// Қазан: Татариса. 2024. Б-6] Bunda jazıwshı tatar jigiti Asqattıń aqıllılıǵın, mártligin bayanlaw menen birge onıń dosları qanshelli úmitsizlikke túsken waqtında da ele hámmesiniń jaqsı bolıwın, bul qıyınshılıqlardı jeńip ótiwine isendiredi. Súyikli yarı Nasimanıń sabırlılıq penen Asqattı kútiwi jazıwshı tárepinen sheber súwretlengen. Shayır qaharmanlıq aldında bas iyedi. Tórt márt teńizshi tórt millettiń wákilleri bolıwına qaramastan bir-birine sadıq. Olar arasında T.Jumamuratov tatar teńizshisin óz aldına ajıratıp kórsetiwi oqıwshınıń itibarın tartadı. Tatar jigiti óz kúshi menen urısta jeńiske erisedi.

Poemadaǵı ekinshi syujet liniyası oqıwshılarǵa Asqattıń mártliginiń tiykarın túsiniwge járdem beredi. Shayır bizdi teńizshi hám Nasimanıń sadıq muhabbat tariyxı menen tanıstıradı. Atap aytqanda tuwısqanlarına mehir hám súyikli qızına bolǵan muhabbatı tatar jigitine dawıldıń eń qorqınıshlı minutlarına shıdam beriw imkanın beredi. Shayır Asqattıń ata-anası menen birge teńizshilerden hesh xabar bolmaǵan qorqınıshlı dáwirdi bastan keshirgen Nasmanıń sezgirligi hám pidayılıǵın súwretliydi. T. Jumamuratov Nasima ómirin joqarı dárejede ashıp bergen. Qız óz súyiklisiniń tágdiri haqqında biliw ushın qısta uzaq aralıqlardı basıp ótedi. Itibarlısı shayır, ashıqlardıń márt obrazın ashıp beriwde ulıwma xalıq qosıqları imkaniyatına súyenedi. Bul ásirese portret xarakteristikasında anıq súwretlenedi. Qız waqıyalardıń baxıtlı juwmaqlanıwına isenedi. Teńizshiler watanına qaharman bolıp qaytadı. Asqattı ákesi Raximjan aǵa kútip aladı hám perzenti menen maqtanadı. T. Jumamuratov poeması unsurlardı jeńgen adamnıń haqıyqıy gimnine aylanǵan

T.Jumamuratovqa ótmishtiń ataqlı tariyxshılarınan improvizatsiyanıń jemisi miyras bolıp qalǵanlıǵı belgili. Shayır jańa zamanda xalıq-awızeki dóretpelerin saqlap qaldı. Onıń ataq-dańqı, aytısıw dárejesi jaslıǵınan óz elinde jayıla baslaǵan. Fenomenallıq este saqlawı sebepli T.Jumamuratov ótmishtegi mádeniy miyrastı jıynaw hám basıp shıǵarıw menen shuǵıllanǵan.

Shayır úlken bilimpaz hám óz ustazları dóretiwshiliginiń tınımsız úgit-násiyatshısı edi. T. Jumamuratov folkloristlerge xalıq poeziyasınıń dúrdanaların tiklewge járdemlesti. Ol ádebiy miyraslardıń túp nusqasın saqlaw hám basıp shıǵarıw problemasına tiyisli sın maqalalardıń avtorı edi.

Onıń kórkem oy-pikiriniń negizinde doslıq ideyası, mádeniy baylanıslar quraydı. Shayır óziniń dástúriy qosıǵında tınıshlıq hám doslıq qádiriyatların súwretleydi.

Tatar hám qaraqalpaqlar arasındaǵı doslıq teması birinshi márte T.Jumamuratovtıń “Qazan qalası” qosıǵında esitiledi.

«Siz benen bir taǵdir

Menen arımız,
Biz aytamız tillerimiz
ortaq dep,
Biz Ámiwdarya tatarlarımız,
Tatardı da bildik qaraqalpaq dep»

Bul qatarlar arqalı shayır eki xalıq tili basqa bolsa da túp tamırımız bir ekenligin, biz Ámiwdaryada jasawshı tatar bolsaq, olarda biz ushın qaraqalpaq dep sanaydı.

T. Jumamuratov haqqındaǵı bir qansha eske túsiriwlerdi úyrener ekenbiz , áke hám qız ortasındaǵı indikativ dialogtı da alıp qarasaq boladı. M. Jumamuratova óziniń <<Диалог каракалпакской и татарской кулътур в творчествепоетов Т.Жумамуратова и Р.Миннулина.// Қазан: Татариса. 2024.>> atlı maqalasında bul haqqında tómendegishe pikirlerdi keltirip ótedi.

Biz T. Jumamuratovtıń áke hám qız dialogın onıń Qazanǵa bolǵan saparınan keyin bolıp ótkenligin taptıq.

- Áke, áke Qazan qalası bul úlken Qazanba?
Samolyottan siz birden úlken Qazanǵa tústińiz be?
Sizdi pisirdi me? Qaynattı ma?
- Joq, qızım! Qazan - qosıq úlken dárejege kóterilgen qala!
"Edil boyı - eskilikli el deydi," -
Qásiyetli sıpatınıń túri kóp" dep dawam ettim!..
Kóp jazıw kerek!

Solay etip, qaraqalpaq shayırınıń dóretiwshilik sanasında tatar paytaxtı poeziyalıq dóretpelerdi iyeleydi. Tatarıstannıń Qazanı, dóretiw energiyasınıń orayı.

Bunnan kórip turǵanımızday jazıwshınıń qızı menen bolǵan dialogı házil ústinde dóretilgen. Qızınıń balalarsha oyı menen soralǵan qızıqarlı sorawına jazıwshınıń ájayıp túrdegi juwabı yaǵnıy “Joq, qızım! Qazan - qosıq úlken dárejege kóterilgen qala!” – dep aytıwı Qazan qalasına degen húrmetin sáwlelendirip bergen. Jazıwshınıń arxivi qaraqalpaq jazıwshısınıń tatar-qálemkes doslar menen jaqın baylanısları barlıǵınan belgi beredi. Mısalı, bul jerde jazıwshınıń qaraqalpaq hám tatar shayırları dóretpelerin ashıp beriwshi awdarmashılıq xizmetlerine minnetdarshılıq belgisi sıpatında tatar kitap baspasınıń minnetdarshılıq xatları saqlanadı. Bıraq bul haqqında tolıq maǵlıwmatlar házirgi kúnde júdá az.

Belgili tatar shayırı Musa Jalildıń 1958-jılda Tilewbergen Jumamuratov alǵı sóz jazǵan “Jırlarım” qosıqlar toplamınıń baspadan shıǵarılıwı Respublikada úlken mádeniy waqıya boldı. Kitapta awdarmalardıń ádewir bólegi T.Jumamuratov hám O. Xojaniyazovlarǵa tiyisli bolıp, M. Qasımov, H. Tájimuratov, Q.Dosanova awdarmaları da bar.

Joqarıda aytıp ótkenimizdey R. Minnulin Qaraqalpaqstanǵa etken saparların “Qaraqalpaq áhanleri” yaǵnıy “Qaraqalpaq namaları” atlı miynetinde keltirip ótedi. Ol bul miynette shayır T. Jumamuratovtıń qanshelli dárejede ullı shayır ekenligin, onıń qaraqalpaq diyarında sahralıq, qumlıq jerlerde ósip erjetkenligin, usınday sharayatta jasawına qaramastan onıń dóretken qosıq qatarları altınǵa teń ekenligin sheber tárizde súwretlep beredi. Ol qaraqalpaq diyarı haqqında,

Ósedi, gúlleydi
Siziń shólińiz,
Siziń ana jerińiz

dep, tuwılǵan elimizge bolǵan kóz qarasların qosıq qatarları arqalı keltirip ótedi.Juwmaqlap aytqanda, eki tuwısqan xalıq ádebiyatları bir-birine únles. Qaraqalpaq ádebiyatınıń belgili shayırı T. Jumamuratov óziniń ómiri dawamında Qazanǵa bolǵan sayaxatların óshpes qaǵaz betlerine túsirgen. Onıń hár bir miynetinde tatar eline bolǵan húrmeti ayqın sáwlelenedi. Tatar eliniń belgili shayırı Muwsa Jalildıń miynetlerin qaraqalpaq tiline sheber awdarmalaǵan. Ondaǵı hár bir qosıqtıń qatarları óz mánisin saqlaǵan halda oqıwshılarǵa jetkerip berilgen.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. Мақсетов Қ. Қарақалпақ әдебиятының туўысқан халықлар адебиятлары менен байланысы. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1987. – 196 б.
2. Юсупов И. Татар шайырлары.- Нөкис: Қарақалпақстан, 1980. -211 б
3. Ғабдулла Т. Муңлы саз.- Нөкис: Қарақалпақстан, 1981. – 139 б
4. Ғабдулла Т. Шығармаларынан.- Нөкис: Қарақалпақстан, 1960. -146 б
5. Жумамуратова М . Диалог каракалпакской и татарской кулътур в творчествепоетов Т.Жумамуратова и Р.Миннулина.// Қазан: Татариса. 2024.

INNOVATIVE ACADEMY